# АКТЁРЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИН ҮЙРЕНИЎДЕ ӨЗ ҮСТИНДЕ ИСЛЕЎ

**Р.Ж.Уснатов** – *профессор ў.ў.а.*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты*

**Таяныш сөзлер:** актёр, роль, дөретиўши, сахна, театр, музыка, әдебият, сүўретшилик, аяқ ойын, талант, көркем қабыллаў, көзқарасларды байытыў.

**Ключевые слова:** актер, роль, творец, сцена, театр, музыка, литература, живопись, танцы, талант, художественное восприятие, обогащение взглядов.

**Key words:** actor, role, creator, stage, theater, music, literature, painting, dance, talent, artistic perception, enrichment of views.

Актёрлық өнери өз тәбиятына қарап атқарыўшылық өнери ҳәм оның жоқары мақсети актёрдың роль менен толық уйғынласыўы нәтийжесинде тәбийғый жағдайда басқаша көриниске сиңип кетиўи саналады. Актёр, барлық дөретиўшилер сыяқлы, өз дөретиўшилиги менен өмирдиң ҳәр қандай машқаласын яки қыйыншылығын, оны қыйнап атырған дәртти жәмийет ҳәм заманласларына жеткериўге ҳәрекет етеди. Актёр - сахна дөретиўшиси. Ол өзин қоршап турған пүткил әлемди терең заўық пенен қабыл етип, өзи талкылап атырған символлар өмирин тап бир өзиникиндей сезе алады, олардың дәрти ҳәм бахтын өз мойнына алып, өмир сүреди. Актёрдың жоқары шеберлиги, оның бай, тәсиршең қәбилети, нервларының турақласқанлығы, терең сезим-туйғылары өмирди толық қабыллаўды билиўинде. [3.10] Сахна дөретиўшилерин тәрбиялап, кәмалға жеткериўде педагогтың көплеген қыйыншылықларды жеңиўине туўра келеди.

Бул ҳәр бир студенттиң өзине тән дөретиўшилик сезимлерин, тәсиршеңлик қәбилетин оятыў ҳәм раўажландырыў, дөретиўшилик тәсирлерин ашыў ўақыяларды терең ҳәм көркем қабыллаў, көзқарасларды байытыў, билимлерин күшейтиў ҳәм усының менен бирге актёрлық шеберлиги техникасы тийкарларын меңгериўден ибарат. Әлбетте, булардың барлығы өз ара байланыслы екенлигин көремиз. Актёрлық шеберлиги техникасын үйретип атырып, студенттиң ишки дүньясын байытыў, көз қарасларын кеңейттириў, сахнаның бар имканиятларынан пайдаланыўға үйретиў мүмкин. Усының менен бирге педагогтан билим бериўде ҳәр бир тәрбиялық тәрепине айрықша усылда жантасыў талап етиледи. Көп қырлы актёрды тәрбиялаўда керекли болған қурамалы процессти белгилеп алыў керек. Бул әҳмийетли процесс әдепли наўқыран, өз халқы ҳәм көркем-өнер алдында жоқары жуўапкершиликти қәлиплестириў есапланады.

Актёрлық кәсибинде актёрдың әдеплилик билими, көзқараслары тийкарғы әҳмийетке ийе, себеби, актёр жумыс ислеў пайытында басқаларға еликлеп, тек ғана схемалардан пайдаланатуғын өнерментке айланып қалыўы яки биреўге усамайтуғын еркин излениўлер нәтийжесинде өзиниң тәкирарланбас рольлери арқалы сахнада дөреткен символларын әжайып етип жеткериўи мүмкин. Соның менен бирге, актёр өзиниң ким екенлигин, тар шеңберде пикирлейтуғын мещан яки өз заманласлары алдында ўазыйпасын толық сезиниўши Ўатанын сүйиўши инсан екенлигин көрсетип береди. Өзбек ҳәм рус театр өнериниң уллы ғайраткерлеринен Аброр Хидоятов, Сара Эшонтураева, Шукур Бурханов, Карим Закиров, К.Станиславский, Немирович - Данченко ҳәм бир қанша театр ғайраткерлери өзлериниң дөретиўшилиги, өмири, гөззал әдеплери, руўхый пазыйлетлери, сабырлы ҳәм пәк сезимлер ийелери екенлиги арқасында басқаларға үлги көрсеткен. Олар сахнаның уллы пирлери болыўы менен бирге, өз елиниң жанкүйер ўатансүйиўшилери еди. Олар, жәмийеттиң уллы мақсетлерин тамашагөйлерге жеткериў қәбилетине ийе болды. Егер, актёр өзиниң өмири ҳәм дөретиўшилигинде майда шүйде, арзымас нәрселерден жоқары көтериле алмаса дөретиўшилигин майда мақсетлерге жумсаса, егер өзиниң жоқары абырайын түсинбесе ол ҳешқандай жоқары дөретиўшилик үлгилерин жарата алмайды. [6.575]

Ҳақыйқый дөретиўши өз өнери арқалы адамларға кеўлиниң бир бөлегин, өмир ҳаққындағы ойларын, өзиниң ең пәк жүрек сырларын бөлиседи, оларды изинен ертеди. Әне усындай ойлар дизбеги, жүрек сырлары, турмыс ҳақыйқаты сәўлелендирилгенде ғана адамлардың кеўлинен жетип барады. Ҳақыйқый дөретиўши бәрҳәма халық ушын, жоқары мәнәўият ушын хызмет етеди.

Актёрдың қәлиплесиўи-жүдә қыйын процесс; бул дөретиўшиниң шахс болып

жетилисиуўине, театр жәмәәтинде жасап дөретиўшилик пенен шынтлап шуғылланыўына байланыслы. Жас актёрдың тәрбияланыўына ең керекли усыллардан бири жәмәәт пенен бирге ислеў саналады. Театр өнери өз тәбиятына көре синтетикалық ҳәм коллективлик болып табылады. Бул оның қыйыншылығы ҳәмде өзине тәнлигинен мәлимлеме береди. Театр өнериниң синтетикалығы сонда спектакль музыка, әдебият, сүўретшилик, аяқ ойын, мүсиншилик ҳәм басқа усы сыяқлы өнер түрлерин өз ишине қамтып алған. Соның ушын бул өнер түри коллективлик жумыс деп айтылады. Себеби, бир мақсет жолында эстетикалық қағыйдаларға ҳәм бир дөретиўши методқа таянған ҳалда жүдә көпшилик дөретиўшилер тәрепинен спектакльдиң келбети жаратылады.

Коллективлик, сахна өнериниң тийкарғы принципи ҳәм оны актёрлық кәсибиниң тийкары деп есапласа да болады. Актёр өзиниң тилеклерин ҳәм умтылысларын коллектив ишине сиңдире алса ғана театр жумысына пайда келтиреди. Актёрлық шеберлиги педагогы әжайып талантлы дөретиўши шахслардың жетилисип шығыўына ҳәр тәреплеме жәрдем берип, оларды марапатлаўы менен бирге ҳәр қандай менменликке қарсы болыўы тийис. Жас актёр, менменлик театр тәбиятына ҳәр тәреплеме жат екенлигин ашық-айдын түсиниўи шәрт. [7.11] Театр оқыў дәргайында дослық аўызбиршиликти, бир-бирине жәрдем көрсетиў пазыйлетлерин тәрбиялаў зәрүр. Студентти оқыў дәргайына дәслепки келген күнлеринен баслап, оны усындай шараятқа көнликтириў керек, сонда ғана ол дөретиўшилик имканиятларын раўажландырыўды, үйретип жумыс алып барыўы тийис.

Жас актёрдың өмиринде ең қолайсыз нәрсе - бул өз талантына артықша баҳа бериўде. Талантлы дөретиўшини жүзеге шығаратуғын нәрсе  бул турақлы нәтийжели мийнет. Мийнетсиз талант жоқ болып кетеди; өкинишке бола, жаслар арасында, актёрлық шеберлигине оқып атырғанлар арасында абырайына артықша исенип, бәрҳама тер төгип, мийнет етиўге қарсылық көрсететуғынлар ушырасады. «Илҳам»нан көбирек үмитлер күтиледи. Айырым ўақытлары актёрлық шеберлиги сабақларында «илҳам»ды көзабаға, өнимсиз қыйнаў арқалы жаратып атырғанларды гүзетиўимизге туўра келеди. [1.156]  Тек ғана сезимлерге исениў жумысты ўайран етеди. Мәнаўий, физикалық шаршаў болса студентте кери жағдайды келтирип шығарады, нәтийжеде илҳамнан гүманланыўлар, кеўил қалыспақлар келип шығыўы мүмкин. Актёр жоқары дөретиўши нәтийжелерге ерисиў, илҳамди жүзеге шығарыў ушын, тынымсыз түрде айрықша таңланған шынығыўларды орынлап, нәтийжели мийнети арқасында өз мәнәўий - физикалық аппаратын таярлайды. Әне усыннан кейин ғана роль үстинде жумысты баслаўы мүмкин. Соның ушында К.С.Станиславский өзиниң тәлийматында мынадай деген еди: «терең саналы мәнаўий техника арқалы, айрықша талантлы дөретиўши артист жүзеге шығады». [2.56]

Театр мектеби бағдарламасы жас актёрды саналы дөретиўшиликтен илҳамланыўы, туўры жағдайда жасай билиўи, рольге сиңип кетип көркем символ жаратыўына қаратылады. Театр мектеби студентти мийнет етиўге үйретиўи керек. Өзиниң мәнаўий – физикалық аппараты үстинде жүдә аўыр, тынымсыз ҳәм соның менен бирге жүдә қызықлы мийнет, ең әҳмийетлиси актёрдың турмысы аўыр болсада, ол жүдә қызықлы дөретиўши процесс саналады. [4.188] Ол өзиниң мәнаўий – физикалық аппараты үстинде, яғный, дене, ҳаўаз, демалыс, сөйлеў шынығыўларын ийелеўи, актёр шеберлигиниң мәнаўий техникасы, сахна ҳәрекетлерине, көз алдына елеслетиў ҳәм эмоционал ядлаў қәбилетин раўажландырыўы керек. Өзин театрға бағышлаған адамның турмысы әне усы машқалалардың шешими менен бәнт болыўы тийис.

Солай етип, тийкарғы мақсетке, яғный актёрлық шеберлиги техникасының тийкарларына яки К.С.Станиславскийдиң методларын үйретиў процесине келсек, соны атап өтиўимиз керек, әпиўайы адам өмирде болмысты пүтинлиги менен қабыллайды: Ол бир ўақыттың өзинде еситеди, көреди, пикирлейди, мийнет етеди, бир нәрселердиң мәселеси шешимин табады: қулласы буларды ықтыярсыз түрде орынлайды ҳәм мәлим өмир бөлегин жасап келеди. [5.265] Өзиниң дөретиўши жолын баслап атырған актёрларға сахнада тәбийғый болыўы ушын булардың барлығын басынан үйрениўине туўра келеди. Актёрлық шеберлиги көркем ҳәрекет элементлерин үйретиўден басланады. Барлық сахна шеберлиги методлары бир-бирине тығыз байланыслы, бирақ биз оларды оқыў бағдарламасын өзлестириў мақсетинде бөлеклерге бөлип майдалап үйретсек мақсетке тез ерисемиз.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Кнебель М.О. О некоторых вопросах методологии Вл. Немировича-Данченко. -М.: Искусство, 1954.
2. Станиславский К.С., Немирович-Данченко Вл. Об искусстве актёра-певца. -М.: Искусство, 1973.
3. Станиславский К. С. “Актёрдың өз үстинде ислеўи”. –Т.: Көркем әдебият, 2010.
4. Yarbekov E. (2024). Rolning oliy maqsadi. *Oriental Art and Culture, 5*(4), 187-191.
5. Muhammadiyev S. (2024). Yaxlit sahnaviy asar sahnalashtirish ishlari. *Oriental Art and Culture, 5*(5), 264-267.
6. Rasulov, U. (2024). Musiqali dramada dramaturg, bastakor va rejissyor ijodiy hamkorligi: ular ijodida mavzu va janrning mutanosibligi masalasi. *Oriental Art and Culture*, *5*(5), 572-577.
7. Xusanov, B. (2023). Musiqali teatr aktyorlarini tarbiyalashda adabiy parchalarning ahamiyati. *Interpretation and researches*, *1*(15).



**РЕЗЮМЕ.** Актёрлық шеберлиги техникасын үйретип атырып, студенттиң ишки дүньясын байытыў, көз-қарасларын кеңейттириў, сахнаның бар имканиятларынан пайдаланыўға үйретеди.

**РЕЗЮМЕ.** Преподавая технику актерского мастерства, учат обогащать внутренний мир студента, расширять его кругозор, использовать имеющиеся возможности сцены.

**SUMMARY.**Teaching the techniques of acting skills teaches to enrich the student's inner world, expand their horizons, and utilize the existing possibilities of the stage.


## FOLKLORLÍQ OYÍN TÚRLERINIŃ ÁHMIYETI


**Z.S.Yuldasheva** – *úlken oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** folklor, asarlar, xoreografiya, sahna, ansambl, repertuar, improvizaciya, badiiy obraz.

**Ключевые слова:** фольклор, произведения, хореография, сцена, ансамбль, репертуар, импровизация, художественный образ.

**Key words:** folklore, works, choreography, stage, ensemble, repertoire, improvisation, artistic image.


Turmıs gózzallıqları menen ómir mazmunın kórkem óner túrleri bay mádeniyatımızsız kóz aldımızǵa keltiriwimiz júdá qıyın. Ásirese saz-sáwbetli, janǵa jaǵımlı namalar menen birge kózimizdiń jawın alatuǵın, shıraylı háreketlerge bay oyınshılardıń oyın ónerlerin tamashalaǵanımızda kewillerimizde álleqanday yosh ilham payda boladı.

Qaraqalpaq xalqı ázel-ázelden kórkem óner tarawlarına ayrıqsha talǵam menen qaraydı. Mádeniyatqa qızıǵıwshılıǵı bar bolǵan insannan hesh qashan jaman illetler, nákas ámeller shıqpaydı. Júrek jaraların, kewil qabarıwların sıyqırlı nama hám oyın-kúlkiler menen emlegen dana xalqımız taraw pidayılarına da joqarı dárejedegi sıy húrmet kórsetip kelgen. Ásirese oyınshılardıń saxnaǵa alıp shıqqan oyınların tamashalaǵanda, solardıń tásiriniń nátiyjesinde otırǵan orınlarınan turıp, yoshlanıp solar menen birge qosılıp oyınǵa túsip ketedi.

Folklor oyınları-bul xalıqtıń tariyxıy hám mádeniy miyrasların sáwlelendirip beriwshi oyın túri bolıp, ol ásirler dawamında áwladtan-áwladqa ótip kelgen. Bul oyınlar sol millettiń hám xalıqtıń úrp-ádetleri, dástúrleri, turmısı hám ómir súriw saltı menen tıǵız baylanıslı boladı.

E.Petrosova tárepinen saxnalastırılǵan birinshi folklor oyınlarınan biri *“Kiyiz toqıw”* oyınına tomendegishe tariyiplegen: “... Jeńil tolqınlarda súzip júrgendey, jay háreket penen tómenge hám joqarıǵa áste terbenip, qolınıń jumsaq háreketi menen olar kóylek etegindegi júndi jerge silkitip hám bir dizede otırıp, qoldı tez, shaqqan háreketler menen silkitedi hám onı sıypaydı. Ornınan turıp, qolların arqasına qoyıp, denesin keskin túrde ońǵa hám shepke burıp, bir tegis emes háreketi menen sekirip, taqıldatıp, jumsaq jún materialın sıǵıp shıǵadı. Jáne jeńil háreket penen ayaqların búgip otırıp, qolların anıq mayda silkiniw hareketleri menen qaptalǵa jayıp, materialdı tegis qatlamǵa qoyıp taqlap atırǵanday kórinisti kórsetedi. Soń, naǵıs ushın mólsherlengen jún jiplerin tartıp, taqlaydı hám olardı dizesinen joqarıǵa shıraylı tárizde ótkizedi.